

14

desanm

Se sa ki fè... se pou nou chache fè tankou Bondye fè. Efezyen 5. 1

Mwen te ankouraje nou... mwen pat janm sispann fè nou konprann byen ki jan pou nou menmen tèt nou, pou nou ka fè Bondye plezi.

1 Tesalonisyen 2. 12

Noblès oblije

Yon sòlda nan lame ‘Alexandre le Grand’ te fè yo remake li paske li toujou moutre l pa brav. Li toujou mete l dèyè lòt sòlda yo. Yo pote plent li devan Alexandre le Grand. Jeneral la voye rele li ; li mande : “Kòman w rele ?” Li reponn : “Alexandre”. Jeneral la gade li nan je, li di l : “Monte ale atake e konbat... oubyen chanje non ou !”

Paske nou te kwè nan Bondye, li te bay dwa pou n pote yon lòt tit. “Sa ki te resevwa l yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye. Yo pa t vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, se Bondye menm ki papa yo” (Jan 1. 12, 13). “Byenneme, kounye a nou se pitit Bondye” (1 Jan 3. 2). Li pa gen nan lemond yon non pi enpòtan pase non sa a. Konsa, yo ka poze kesyon sa a : Eske konpòtman nou koresponn ak tit sa, relachman nan konduit nou, nou konn manke renmen pwochen nou, manke enterè pou bagay ki konsène Bondye oubyen nou bay tout tan nou nan zafè materyèl nou ? Donk, ann resezi nou. “Se pitit Bondye nou ye, nou gen pòsyon pa nou nan eritaj Bondye te pwomèt moun pa l yo, na resevwa pa nou ansanm ak Kris la nan tou sa Bondye te sere pou li” (Women 8. 17). Noblès oblije : nou pote yon non, ki rele *Kretyen* li egzije nou viv yon fason ki fè Senyè a plezi.

“... Ann viv jan Bondye vle l la, n a toujou fè sa ki fè li plezi. N a fè tout kalite bon bagay” (Kolosyen 1. 10).

14

décembre

Soyez... imitateurs de Dieu comme de bien-aimés enfants. Éphésiens 5. 1

Nous vous avons... suppliés instamment de marcher d'une manière digne de Dieu. 1 Thessaloniciens 2. 12

Noblesse oblige

Un soldat de l'armée d'Alexandre le Grand s'était fait remarquer pour son manque de courage. On le voyait plus souvent à l'arrière qu'en première ligne. On le signala au célèbre conquérant qui le fit appeler et lui demanda : "Comment t'appelles-tu ? – Alexandre", répondit le soldat. Le général le regarda dans les yeux et lui dit : "Monte à l'attaque et combats... ou bien change de nom !"

Parce que nous avons cru, Dieu nous a donné droit à un nouveau titre. "A tous ceux qui l'ont reçu, il leur a donné le droit d'être enfants de Dieu, c'est-à-dire à ceux qui croient en son nom – qui sont nés... de Dieu" (Jean 1. 12, 13). "Bien-aimés, nous sommes maintenant enfants de Dieu" (1 Jean 3. 2). Il n'existe pas, dans le monde, de nom plus glorieux que celui-là. Une question se pose alors : notre conduite correspond-elle bien au titre que nous portons ? Y a-t-il un manque de foi dans notre cœur, du relâchement dans notre conduite, un manque d'amour pour nos semblables, un manque d'intérêt pour ce qui concerne Dieu ou trop d'attachement pour nos affaires matérielles ? Alors, ressaisissons-nous. "Nous sommes enfants..., héritiers de Dieu, cohéritiers de Christ" (Romains 8. 17). Noblesse oblige : Nous portons un nom, celui de *chrétiens*, qui exige un comportement digne du Seigneur.

"... Marcher d'une manière digne du Seigneur afin de lui plaire à tous égards" (Colossiens 1. 10).